

Dwa ou anba Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay



KONSÈY NASYONAL
RELASYON TRAVAY

Anplwaye yo gen dwa pou reyini pou amelyore kondisyon travay yo—avèk oswa san yon sendika.



Aktivite angwoup gen pwoteksyon

- Pou pale youn avèk lòt konsènan pwoblèm ki asosye avèk travay la tankou salè, kantite èdtan travay, sekirite oswa tretman enjis
- Pou pote plent konsènan afè ki asosye avèk travay la ba yon sipèvizi, ajans gouvènman, oswa nenpòt lòt moun



Aktivite yon Moun ap fè kapab pwoteje

- Pou entèvni pou lòt anplwaye yo
- Pou eseye fè lòt anplwaye yo kwè li bon anpil pou yo reyini pou amelyore espas travay la
- Pou depoze yon akizasyon avèk NLRB



Aktivite sendika gen pwoteksyon

- Pou eksprime sipò pou yon sendika nan espas travay la
- Pou ede yon sendika organize travayè yo
- Pou refize sipòte yon sendika

Si pou egzèse dwa ou anba NLRA, patwon ou pa kapab

- Revoke oswa retrwograde ou
- Redui salè ou, kantite èdtan travay ou, oswa avantaj ou yo
- Fè djòb ou vin pi difisil oswa dezagreyab pou Menase ou
- Kesyone ou sou aksyon ou yo nan tèt ansanm oswa sou aksyon sendika ou
- Espyone aksyon nan tèt ansanm ou oswa aksyon sendika ou

Sui ou panse ou te viktim nan diskriminasyon toutèt ou egzèse dwa ou anba NLRA, oswa si ou vle jwenn plis enfòmasyon, kontakte nou. Koutfil ou gratis ak konfidansyèl

Nimewo biwo nasyonal 1-
844-762-6572

Jwenn biwo lokal ou sou sitwèb bit.ly/nlrboffices

Depoze yon akizasyon
bit.ly/FileACharge



nlrb.gov



@NLRBGC



@NLRBGC



@NLRB_GC



publicinfo@nlrb.gov




Kimoun ki pwoteje avèk Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay?

Pifò anplwaye sektè prive a pwoteje, ki gen ladan yo:

- "travayè manyèl" tankou moun ki travay nan faktori, konstwiksyon, ak antretyen.
- "kòl blan yo" tankou jounalis, travayè òganizasyon non-komèsyal, ak travayè teknoloji yo.
- Moun ki travay nan restoran, otèl, swen sante ak magazen detayan.

Travayè yo pwoteje kit yo gen papye imigrasyon kit yo pa gen papye imigrasyon ki pèmèt yo travay nan Etazini.



Eskane pou telechaje aplikasyon mobil nou



nrlb.gov



@NLRBGC



@NLRBGC



@NLRB_GC



publicinfo@nrb.gov